ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№246-247 (22.655) ● 2013 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм





## IэнатIэм зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр

**Вэсэмахуэ КIуэкIуэ Юрий Москва щыхуэзащ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Федоров Николай.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым дяпэкIэ зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм. Гулъытэ хэха хуащIащ республикэм и мэкъумэш хозяйствэм ехьэлIа программэхэр гъэзэщIа зэрыхъум.

Къулыкъущ Iэхэр зытепсэлъыхьа Iуэхухэмкlэ зэгурыIуащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым зыкъызэрыщIигъэкъуэнум теухуауэ

### КIуэкIуэ Юрий епсэлъылIащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Улюкаев Алексей

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Москва щыIущIащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Улюкаев Алексей.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыну щIыкIэм, апхуэдэуи республикэм къэрал дэIэпыкъуныгъэу игъуэтынур зыхуэдэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## ФЫРЭ Руслан:

# Ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъуужащ



*Дирижёр цIэрыIуэ, дуней псом и цIыху зыхужыпIэкIэ ущымыуэну ди хэкуэгъу Темыркъан Юрий и махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Санкт-Петербург. Абы хэтащ Налшык икIахэри. Ялъэгъуар къазэрыщыхъуам тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан.*

**- Темыркъан Юрий и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъум иращIэкIа Iуэхухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри хэтащ, Руслан. НыбжьэгъугъэкIэ, щэнхабзэ лэжьыгъэкIэ а пщIэр къызылъысу хэт сымэт гъуэгу техьар?**

- Куэд щIауэ Юрий ицIыху, и ныбжьэгъу, унагъуэкIэ кIэлъыкIуэ цIыхухэр, илъагъумэ и гуапэну къытщыхъухэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэ зэрытщIыным яужь дитащ икIи Тау Пщыкъан, Зумакулов Борис, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Юрий и къуэш нэхъыжь Темыркъан Борис, сэ дыкIуащ Санкт-Петербург. Апхуэдэуи къэтщIат Юрий а пщыхьэщхьэм утыкум щилъагъумэ нэхъ и гуапэ хъунухэм «Кабардинка» ансамблыр зэращыщыр. Ди республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий бгъэдэтлъхьащ а Iуэхур икIи псори дахэу екIуэкIащ.

Япэ махуэм Темыркъаным дишащ езым и унэм, щылажьэ пэшыр дигъэлъэгъуащ. Зы Iэнэшхуэ щIэтти, щэнхабзэр зэхэзыщIыкI къэрал куэдым я саугъэту, дамыгъэу, медалу темылъ щыIэтэкъым. Абыи къегъэлъагъуэ ди лъэпкъэгъум дуней псом пщIэ къызэрыщыхуащIымрэ къызэрыщыхущытымрэ.

**- Юрий и щIыхькIэ къызэрагъэпэща концертым и гугъу щхьэхуэу уэзгъэщIынут.**

-Темыркъаныр зи художественнэ унафэщI, Санкт-Петербург къэрал филармонием къыкIэлъыкIуэ махуэм щекIуэкIащ дирижёрым и щIыхькIэ къызэIуаха «Площадь искусств» фестивалым и гала-концертыр. IуэхущIапIэм и бжэIупэм дыщыIухьам, метр щищщиплI и кIыхьагъыу цIыхухэр щытт, я нэхъыбэм билет къалъыхъуэу. Абдеж щыщIэдзауэ Iуэхур зэфIэкIыху ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъуужащ Юрий - щыIэм исуу уэрамым дэт къомыр зыщIэхъуэпсыр ди лъэпкъэгъур ялъагъуну, жиIэр зэхахыну арат!

Дэ Юрий дрихьэщIэти, нэгъуэщI щIыхьэпIэкIэ дыщIашэри тIысыпIэхэм я нэхъыфIхэм дыщагъэтIысащ, езым пэмыжыжьэу. КIуэкIуэ Юрий пщIэшхуэ хуащIу япэ сатырым тIысыпIэ щыхухахащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).



Сурэтхэр ФЫРЭ Руслан *трихащ.*

● КъБР-м и Правительствэм

## Iуэхугъуибгъум щытопсэлъыхь

**КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ махуэку кIуам екIуэкIащ.**

ХРАМОВ Константин зэIущIэр къызэIуихри, Iуэхугъуибгъум зэрыхэплъэнум къытеувыIащ, апхуэдэуи къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзэщIэну Емуз Нинэ, жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къаздэхъу Альберт и къулыкъум зэрытекIар.

ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр Къудей Арсен, ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министрым и къалэнхэр Тутыкъу Анзор я пщэ иралъхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум хыхьэ, ухуэныгъэ щрамыгъэкIуэкIыну щIыхэр гуэшыным и хабзэм теухуа проектым хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м къэрал мылъкумрэ щIы Iуэхухэмкiэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Тонконог Аннэ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Тюбеев Альберт КъБР-м ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым теухуа унафэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэр къигъэлъэгъуащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэт и къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэм пэкIуэ ахъшэм и фондыр къызэрыщызэрагъэпэщым, улахуэр зэрытрагуашэм и Iэмалхэм ятеухуауэ» унафэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэм щхьэхуэу къытеувыIащ Емуз Нинэ икIи абы зи Iуэху хэлъ псоми арэзыуэ утыку къызэрырахьар жиIэри, ахэри къащтащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Кънызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжын папщIэ

**Фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэзыгъэпэщыжыну щIыналъэ оператор Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ. Республикэм и Правительствэм абы теухуа Унафэ дыгъэгъазэм и 10-м къищтащ. ЭнергетикэмкIэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкIэ министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ щIыналъэ операторым и къызэгъэпэщакIуэу мэув.**

КЪЫЗЫХУЭТЫНШЭУ ирагъэкIуэкIыну ремонт лэжьыгъэхэм я щIыналъэ программэр мы мазэм къащтэнущ. Ар илъэс 25-м тещIыхьащ. Гъэр икIыху ремонтым нэхъ мащIэ дыдэу хуэзэну взносымрэ кIэлъыплъакIуэ советым хэтынухэмрэ ягъэбелджылынущ.

- ЩIыналъэ операторым и лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIэ зэIухауэ щытынущ, унэр зейхэм зэхуахьэса ахъшэр зэрыхъур хуей псоми хуиту зрагъэщIэфынущ, - жиIащ министерствэм псэупIэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Уэлджыр Лидэ.

ЕтIанэгъэ и накъыгъэ мазэм щегъэжьауэ щIыналъэ операторым и счет щхьэхуэм е псэупIэр зейхэм я фондым и счет хэхам цIыхухэм ахъшэр храгъэлъхьэну я мурадщ. Унэм и счет щхьэхуэ къызэIузыхыну хуитыр ТСЖ-хэмрэ кооперативхэмрэщ. УнафэщI (управляющэ) компаниехэм зэрахьэ псэупIэхэм папщIэ счетхэр къызэIузыхынур щIыналъэ операторырщ. Къызыхуэтыншэу ирагъэкIуэкIыну ремонтым дяпэкIэ унэр зей дэтхэнэми и мылъку хилъхьэн хуейщ.

Унэ къэс зэхуахьэса ахъшэр абыхэм щIэсхэм зэрыхуейуэ къагъэсэбэпынущ: япэ игъэщыпхъэу къалъытэ лэжьыгъэхэр, я уасэр ягъэбелджылынущ, подряд организацэр къыхахынущ. ЩIыналъэ операторхэм хухахыр зэуIу ящIынурэ, щIыпIэ программэм тету, Iуэхум халъхьэнущ. Операторым подрядчикхэр къиштэнущ икIи лэжьыгъэм и фIагъыр къипщытэнущ.

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыну унэхэм я фондыр зыхуэдэнур етIанэгъэ гъатхэпэм и 1 пщIондэ псэупIэр зейхэм ягъэбелджылын хуейщ. Апхуэдэ унафэ къамыщтэмэ, я унэхэр щIыналъэ операторым ирагъэбыдылIэнущ.

ПсэупIэр зейхэм Правительствэр ядэIэпыкъунущ. Илъэс дызыхуэкIуэм республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 20,461-м нэблагъэ, федеральнэ мылъкуу мелуан 36,264-рэ щIыналъэ операторым хухахынущ.

*КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэр 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

## ЩIэщыгъуэ куэд къивгъуэтэнущ

АДЫГЭБЗЭМКIЭ си егъэджакIуэм Бещтокъуэ Хьэбас и гъащIэмрэ и IэдакъэщIэкIхэмрэ теухуа лэжьыгъэ згъэхьэзырыну пщэрылъ къысщищIат. Сыбэлэрыгъри, Бещтокъуэм и тхылъыр си ныбжьэгъум къеIысхыжыну сигу къэмыкIыжауэ, школ библиотекэми зыри щIэмысыжу сыгузавэу унэм сыкIуэжащ. Докладыр етIуанэ махуэм егъэджакIуэм и пащхьэ ислъхьэн хуейт. КъысщыщIар си анэм щыжесIэжым, абы къызжиIащ, шэч лъэпкъ хэмылъу, «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэм Бещтокъуэм теухуа тхыгъэ зэридгъуэтэнур. Си гур къызэрыгъуэтыжауэ, газетым и къыдэкIыгъуэхэр щIэтплъыкIыжри, Бещтокъуэм теухуауэ щIэщыгъуэ куэд, сурэтхэри и гъусэжу, къэдгъуэтыжащ икIи докладыр купщIафIэ хъуащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым седжэу зэзгъэтIылъэкIыж мыхъуу, ар куэдрэ къызогъэсэбэп ди цIыху цIэрыIуэхэм, ди хабзэ дахэхэм ятеухуа зэIущIэхэр, зэпеуэхэр щыдгъэхьэзырым и деж. ЕджакIуэхэм я анэдэлъхубзэм зрагъэужьынымкIэ, адыгэхэм я дунейм, тхыдэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ «Адыгэ псалъэ» газетыр икъукIэ щхьэпэщ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Къантемыр,**
*Налшык прогимназие №14-м и 7-нэ классым щIэс .*



* * *

## Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

*Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!*

**Фигу къыдогъэкIыж 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кIэпIейкIэ 32-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.**

**Ди индексыр 51531**

● Хъыбар гуапэ

## ЛъэмыжыщIэ тралъхьащ

**Иджыблагъэ къызэIуахащ Iуащхьэмахуэ районым хиубыдэу Бахъсэн псым тралъхьа лъэмыжыщIэр. «Iуащхьэмахуэ - Бахъсэн - Прохладнэ» федеральнэ автомобиль гъуэгум и 43-нэ километрым хуэзэ а ухуэныгъэм «Федеральнэ гъуэгухэр ухуэныр» программэ хэхам ипкъ иткIэ УФ-м и бюджетым и ахъшэу сом мелуан 600 трагъэкIуэдащ.**

ЛЪЭМЫЖЫЩIЭР тралъхьэн хуей хъуащ мы гъуэгум щызекIуэ транспортыр икъукIэ куэд зэрыхъуам къыхэкIыу. «Промстрой монтаж» подрядчик нэхъыщхьэм щIыгъуу абы елэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгу ухуакIуэхэри. ЕкIуэлIапIэхэри хэту лъэмыжым метр 720-рэ и кIыхьагъщ.

**ТАРИМ Алисэ.**




## Сабийхэр илъэсыщIэм дгъэгуфIэнщ!

**«Хъуэпсапlэхэм я псей» псапащIэ Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм дэсхэри хьэщIэхэри хэтыну Iэмал ягъуэтынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къалэн куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центрым и жэрдэмкIэ ирагъэкIуэкI сабий зеиншэхэмрэ гугъуехь хэхуа сабийхэмрэ ядэIэпыкъуным хуэгъэза псапащIэ лэжьыгъэ.**

АБЫ хэтыну хуей дэтхэнэ зыми тыгъэ пыухыкIа къищэхуу «Вестер Гипер», «Дея» сату центрхэм щагъэува матэхэм иралъхьэ хъунущ.

Нэгъабэ ирагъэкIуэкIа апхуэдэ лэжьыгъэм хиубыдэу сабийхэр ириджэгун папщIэ зэхуахьэса хьэпшыпхэр Налшык къалэ дэт Сабий унэм къелыжри, балигъ мыхъуахэм папщIэ республикэ реабилитацэ центрми интернат еджапIэ №3-ми иратащ. Апхуэдэу а хьэпшыпхэм ящыщ Iыхьэ хурагъэшащ илъэсыщIэр къыщихьэм я унэ ямыгъэкIуэжауэ республикэ онкологие центрым къыщIэна цIыкIухэми.

**ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.**

## Банк лэжьакIуэхэм я зэIущIэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Марьяш Иринэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм и лъэпкъ банк советым и зи чэзу зэIущIэр.**

«ЛЭЖЬЫГЪЭКIЭ зэпеуэхэм къащхьэщыжыным и IуэхукIэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №135-ФЗ-р республикэм и кредит IуэхущIапIэхэм зэрагъэзащIэм теухуауэ къэпсэлъащ Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Пщыншэ Къазбэч Банк картэхэр къагъэсэбэпурэ ахъшэр зэрызэрагъакIуэр егъэфIэкIуэным и лъэныкъуэкIэ «Урысейм и ХъумапIэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэ № 8631-м зэфIигъэкIхэм зэIущIэм кърихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ а IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Бетыгъуэн З.

ЗэIущIэм Советым нэхъ япэкIэ къищтауэ щыта унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъум щыхэплъащ, апхуэдэу 2014 гъэм КъБР-м и лъэпкъ банк советыр зэрылэжьэну планыр къыщащтар.

**ТЭРЧЫКЪУЭ Анатолэ.**

## Пенсэхэр нэхъ пасэу хуахьынущ

2014 гъэм и щIышылэм и япэ махуэхэм цIыхухэм яIэрыхьэн хуей пенсэхэр нэхъ пасэу ятынущ икIи а ахъшэр «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэмрэ «Пощтыр зэбгрыхынымкIэ центр» ООО-мрэ я лэжьакIуэхэм 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м щегъэжьауэ ягуэшу щIадзэнущ. УФ-м и Пенсэ фондым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм дэтхэнэ мазэми и етIуанэ махуэм пенсэр зратхэм хъыбар ярегъащIэ абыхэм я ахъшэр дыгъэгъазэм и 27 - 29-хэм кърихубыдэу зэраIэрыхьэнумкIэ.

*УФ-м и Пенсэ фондым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 21, *щэбэт***

♦**Гъэм и махуэ нэхъ кIэщI дыдэщ**

♦1237 гъэм Хъан Батий и дзэм Рязань игъэсащ.

♦1944 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей обкомым унафэ къищтащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет къыщыдэгъэкIыным теухуауэ.

♦Парт, къэрал лэжьакIуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Сталин (Джугашвили) Иосиф** къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, щIэныгъэлI **Елмэс Iэулдин** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Рогозин Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3, жэщым щIыIэр градуси 6 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 22, *тхьэмахуэ***

♦**Энергетикым и махуэщ**

♦1790 гъэм Суворов Александр зи пашэ урысыдзэм Измаил тырку быдапIэр къищтащ.

♦1920 гъэм Урысейр электрификацэ щIыным теухуа къэрал план (ГОЭЛРО) зэхалъхьащ.

♦2001 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ (ГКЗ)

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5, жэщым щIыIэр градуси 4 - 1 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 23, *блыщхьэ***

♦**УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм гъуэгуанэ кIыхь зэпычыным хуэщIа и авиацэм и махуэщ**

♦**УФ-м Экологие, технологие, атом кIэлъыплъыныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм (Ростехнадзор) и махуэщ**

♦1905 гъэм Тэрч областым зауэ щытыкIэ щагъэуващ.

♦1947 гъэм япэ транзисторыр ящIащ.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Азэщокъуэ Геннадий** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7, жэщым щIыIэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* ЖЬЭКIЭМЫХЪУ *Маринэщ.*

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Шэс псори шукъым.**

■ ЗэIущIэхэр ■ ХъыбарыщIэхэр ■ Махуэгъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ТВ, радио нэтынхэр  ЩэбэтIкъыдэкIыгъуэ  ■ Малъхъэдис



Къыргъызым и президенту щыта Акаев Аскар я лъэпкъ фащэр Темыркъаным тыгъэ къыхуищIащ.
*Сурэтхэр* **ФЫРЭ Руслан** *трихащ.*

# Ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужащ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

**- Ди къэрал Iэтащхьэм и гулъытэм утезгъэпсэлъыхьынут…**

- Темыркъаным и махуэ лъапIэм иращIэкI пшыхьым щIидзащ Путин Владимир къэмыс щIыкIэ. Заул дэкIа иужь, ар езыгъэкIуэкIа, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Швыдкой Михаил «Маэстрэр мэлъаIуэ антракт тщIыну», - жиIэри концертыр зэпагъэуащ. Дакъикъэ зыбжанэм иужькIэ пэшышхуэм къыщIыхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Псори къэтэджащ, пщIэ хуащIу, Iэгу хуеуэу. Пэшым и курыкупсэм деж ар къыщыувыIэщ, цIыхухэм захуигъазэри и Iэр Юрий дежкIэ ищIащ «Iэгу фызыхуеуэнур моращ» жыхуиIэу, езыми и щхьэр хуигъэщхъыу, Iэгу хуеуэу щытащ. Ар урикъунтэкъэ урипагэну, щэнхабзэр зищIысыр зыхэпщIэну?! УтыкумкIэ къекIуэкIщ, ди къуэшым IэплIэ хуищIри, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр иритащ. Иджы дирижёр цIэрыIуэр орденым и нагъыщэ псоми я кавалер хъуащ, и зэфIэкIым гулъытэшхуэ зэрыхуащIым и щыхьэту.

Къэралым и унафэщIыр я пашэу, лIыщхьэ куэд, губернатор зыбжанэ, хамэ къэрал щэ ныкъуэм щIигъум къикIа лIыкIуэхэр щIэсу екIуэкIа пшыхьыр плъагъуну гухэхъуэт. Абы кърихьэлIат дуней псом щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэхэр, виолончелистхэр, пианистхэр, скрипачхэр. Америкэм, Инджылызым, Италием, Франджым, нэгъуэщI къэралхэм къратъэха видео хъуэхъухэри гъунэжу къагъэлъэгъуащ. Гуапэу си гум илъынущ абы щыслъэгъуа, гухэхъуэгъуэ къызэзыта псори. Адыгэ лъэпкъым Юрий хуэдэ цIыху гъуэзэджэ къызэрыхэкIам дригушхуэну дрикъунщ.

ЖыпIэнурамэ, щэнхабзэм и мыхьэнэр, и пщIэр зэрыиныр Темыркъаным а зы махуэм къигъэлъэгъуащ. НэгъуэщI IэщIагъэ гуэр зиIэми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, сыт хуэдэ Iуэху цIыхум имылэжьми, ар дахэу, екIуу бгъэдэтмэ, пщIэи щхьэи хуэфащэщ. Гуэдз Iупхыжынри, унэ бухуэнри, гъущI бгъэвэнри фIы дыдэщ, ауэ цIыхур игъэгуфIэну, игъэгушхуэну, уеблэмэ и нэпс къыщIигъэкIыну щэнхабзэ ухуейщ. КърихьэлIа псори Юрий и «нэщыпхъуэм» щIэту, пщIыхьэпIэу фIэкIа умыщIэу пщыхьэщхьэр екIуэкIащ. Махуэ къэси апхуэдэ цIыху къалъхуркъым, тынш дыдэу гъащIэ гъуэгум ирикIуауи жыпIэ хъунукъым. Ауэ и адэ-анэм къыхалъхьа гумызэгъагъэмрэ псэ къабзэмрэ, акъылымрэ зэрыгуащIафIэмрэ зэхэплъхьэжа иужь, Юрий и гъащIэм и къигъэхъуапIэр къыбгуроIуэ.

**- «Кабардинка» ансамблыр пшыхьым кърихьэлIахэм дауэ къащыхьуа?**

- Зи гугъу тщIы концертыр иуха иужь, Михайловскэ театрым дыкIуащ пщыхьэщхьэшхэ щыдагъэщIыну. Сценэм пэгъунэгъу Iэнэм Юрий и гъусэу пэрысащ Путин Владимир, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий, Санкт-Петербург и губернатор Полтавченкэ Георгий сымэ.

Уэздыгъэхэр ягъэункIыфIащ. Вагъуэбэ уафэ гъэщIэгъуэныр къащхьэщытрэ сценэм и бгъуитIымкIэ къыщынэху уэздыгъэм хэсыхьу утыкум къихьащ «Кабардинка»-р. «Къафэжьым» нэри пэри ихьынтэкъэ! Залым щIэсхэм уэршэрыныр къагъанэщ, къыщылъэтри хэти жып телефонкIэ, хэти сурэттех е видеокамерэкIэ трахыу щIадзащ. Си тэмакъыр щиубыдыкIат си Iэпкълъэпкъым щыз хъуа гушхуэныгъэм. Юрий сыкIэлъыплъырти, абыи и гур зэрыхэхъуэр слъагъурт.

Жэщым сыхьэтыр тIум и ныкъуэ хъуху зэбгъэдэсащ бысымхэмрэ хьэщIэхэмрэ, зэбгрыкIыжыну зыри хуэмейуэ.

Сэ къызэрысщыхъумкIэ, Путин Владимир концертым къызэрыкIуам, пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIыху дирижёрым зэрыбгъэдэсам, ар зэригъэлъэпIам езы Президентри игъэинырт. Дыздэщысым зэпхыжаIыкIырт нэхъ нэ лейкIэ абы еплъ зэрыхъуар.

Гуапэу Темыркъаным ехъуэхъуа КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ къулыкъум пэрыту иджы япэу гъуэгу техьауэ араши, Iуэху дахэкIэ ича лъэбакъуэр езыми, дэлажьэхэми, ди республикэм ис цIыхубэми яхуэфIын ухъу!

*Епсэлъар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**

● Пшыхьхэр

# УсакIуитI - бгъэм и дамитI

**Налшык бизнес хуэIухуэщIэхэм щыхурагъаджэу дэт институтым иджыблагъэ щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ ятеухуа пшыхь.**

РЕСПУБЛИКЭМ и щIыналъэ псоми я лIыкIуэ еджакIуэ цIыкIухэр къызрихьэлIа зэхуэсым ныбжьыщIэхэм къыщагъэлъэгъуащ усакIуэ щэджащитIым я IэдакъэщIэкIхэм, абыхэм я гъащIэ къекIуэкIыкIам фIы дыдэу зэрыщыгъуазэр. УсакIуэхэм ятеухуа видеофильмхэри икъукIэ гъэщIэгъуэнт.

Зэхыхьэм кърихьэлIащ КIыщокъуэмрэ Кулиевымрэ я IэдакъэщIэкIхэм нэхъыфIу къеджэнымкIэ зэпеуэхэр, къэфакIуэхэм я зэхьэзэхуэхэр. Гъэхуауэ, зыхэщIэгъуэу усэ къеджауэ къалъытащ Къэщкъэтау школым и еджакIуэ цIыкIухэу Гуппоев Сэмат, Гергоков Азнаур, Мамеевэ Изабеллэ сымэ.

А къуажэм и къэфакIуэ ныбжьыщIэхэри саугъэтыншэу къэнакъым. НэхъыфIу къалъытащ Башиевэ Айзэ, Фрий Миланэ сымэ, хъыджэбз къэфакIуэ гупым я утыку итыкIар. Абыхэм загъэхьэзырынымкIэ ядэIэпыкъуар Батчаевэ Танзилящ.

Пшыхьым и кIэухым абы зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуа псоми тхылъхэмкIэ, БизнесымкIэ институтым и ректор Хъурей Феликс и Iэ зыщIэлъ дипломхэмкIэ яхуэупсащ.

Сабийхэм фIыуэ зэрадэлажьэм папщIэ дипломхэр хуагъэфэщащ Къэщкъэтау курыт школым и егъэджакIуэхэу Ченовэ Ариуажанрэ Кульбаевэ Ларисэрэ.

**КУЖОНОВЭ Эльмирэ.**



● Дыгъэгъазэм и 22-р Энергетикым и махуэщ

# ЗэIузэпэщыгъэм и лъабжьэр

**Дыгъэгъазэм и 22-р къэралым и энергетикэ системэр зыубзыху, ар зезыхьэ псоми я махуэщ. Ди къалэн нэхъыщхьэри IэнатIэхэмрэ цIыхухэмрэ зэблэмыууэ токкIэ къызэгъэпэщынырщ. Предприятэхэр, IуэхущIапIэхэр, еджапIэхэр, сымаджэщхэр, сабий гъэсапIэхэр зэпIэзэрыту лэжьэныр, псэукIэр ефIэкIуэныр энергетикхэм я зэфIэкIым куэдкIэ елъытащ. Электроэнергетикэр ди къэралым, ди Iыхьлыхэмрэ ди благъэхэмрэ я зэIузэпэщыгъэм и лъабжьэщ.**



ПСЭУНЫГЪЭР къызэзыгъэпэщ IэнатIэм и лъэщагъым зэпымыууэ хыдогъахъуэ, техникэ, технологие я лъэныкъуэкIэ идогъэфIакIуэ. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэри зи IэрыкIыр цIыхухэрщ. Апхуэдэщ энергетикэм япэ лъэбакъуэр щызыч IэщIагъэлI щIалэхэмрэ зи гъащIэ псор абы пызыщIа ди ветеранхэмрэ.

«Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм электрокъарур ятезыгуашэ компание» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэр Iуэхум хуэIэижь, абы кууэ хэзыщIыкI защIэщ. Ахэр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъыфI IэщIагъэлIхэщ жысIэкIэ щыуагъэ хъунукъым. Егугъуу, губзыгъэу, зэуIуу, жэуаплыныгъэ яхэлъу я IэнатIэм зэрыпэрытым и фIыгъэкIэ, я пщэрылъхэр зэпэщу зэфIах, уеблэмэ, я пщэдейрей къалэнхэм лъабжьэ къыхузэрагъэпэщ.

Жылагъуэ экономикэр зыхуэдэнур энергетикэ комплексым и зыужьыкIэм къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ. Абы къыхэкIыу, иджырей электроэнергетикэм къигъэувхэм дызэрыпэджэжыным, ремонт, инвестицэ программэхэр зэрыдгъэзэщIэным, ди объектхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным гулъытэ хэха худощI, зэрыдубзыхуам тету, ди цIыхухэм дадолажьэ, гъэм и сыт хуэдэ зэманми дунейм и къэхъукъащIэхэм къашэнкIэ хъуну къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм зэрапэщIэтыным худогъаджэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ район псоми я электросетхэми, ди IуэхущIапIэм и къудамэхэми мы гъэм лэжьыгъэфI зэраIар. Къызэрыгуэк IэщIагъэлIхэри унафэщIхэри я къалэнхэм егугъуащ. Дэтхэнэ зыри и IэщIагъэм ирогушхуэ. Энергетикхэм «нэху» псалъэм мыхьэнэшхуэ ират. Аращ нобэрей Iэмал нэхъыфIхэр я лъабжьэу IэнатIэм зегъэужьыным дапщэщи гулъытэшхуэ щIыхуащIыр.

Республикэм и электросетхэм я инфраструктурэм зегъэужьыным, иджырей технологие пэрытхэм хуэкIуэным, токым къыдэгъэхуэным хуэунэтIауэ дяпэкIи куэд къытпэщытщ. ЩIымахуэ лъэхъэнэр зэпэщу къетхьэлIэн, IэнатIэхэмрэ унагъуэхэмрэ электрокъарур тэмэму яIэрыдгъэхьэн папщIэ, Iэмал псори диIэщи, ахэр егупсысауэ къэдгъэсэбэпынущ.

Хабзэ хъуауэ, Энергетикым и махуэр илъэсым и кIэм ягъэлъапIэ. Къызэднэкlыну гъэм зэдгъэхъулIахэр зи IэрыкIыр ди лэжьакIуэ Iэзэхэрщ, емызэшыжхэрщ, я профессиональнэ махуэм хуэфащэу ирихьэлIэ ди IэщIагъэлIхэрщ. Энергетикым и махуэм, апхуэдэу ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу я гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ, ди IуэхущIапIэм щыщ дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI. ПщIэ лей яхуэфащэщ я къэмылэнджэж лэжьыгъэкIэ республикэм и электроэнергетикэ комплексыр зэтезыгъэува ди нэхъыжьхэм. Абыхэм я зэфIэкIыр нэхъыщIэхэм я дежкIэ щапхъэ гъуэзэджэщ.

Си лэжьэгъу лъапIэхэ! Узыншагъэ быдэ, гушхуэныгъэ, зэIузэпэщыгъэ фиIэну, фи щхьэкIи, фи унагъуэкIи насып фыщымыщIэну сынывохъуэхъу.

**ГЪУБЖОКЪУЭ Юрэ,**
*«Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм электрокъарур ятезыгуашэ компание» ОАО-м и республикэ къудамэм и унафэщI.*

# УефIэкIуэну ди гуапэщ!

**Алий Сулимэн - «Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам хабзэ IуэхухэмкIэ и унафэщIым - дохъуэхъу илъэс куэдкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм пщIэшхуэ зэригъуэтам икIи абы «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр къызэрыфIащам папщIэ.**



АЛИЙ Сулимэн 1946 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м Жэмтхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Зэрысабий лъандэрэ спортым дихьэхыу щытащ. Абы СССР-м и МВД-м и академиер фIы дыдэу къиухащ, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щиIыгъащ. Алий Сулимэн подполковник хъуауэ милицэм къыхэкIыжащ.

Сулимэн СССР-м боксымкIэ спортым и мастерщ. Ар КъБР-м и чемпиону илъэс куэдкIэ щытащ, Урысейм, Азербайджаным пашэныгъэр къыщихьынымкIэ зэхьэзэхуэхэм, Москва къалэмрэ Москва областымрэ я дзэ округым и зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIащ.

ЛэжьакIуэ емызэшыжым, спортсмен цIэрыIуэм узыншагъэ быдэ, ефIэкIуэныгъэ иIэну, зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщихьыну ди гуапэщ.

*КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэ, СпортымкIэ республикэм и ветеранхэм я жылагъуэ совет.*

● Узыншагъэ

# IэфIыкIэр сэбэп яхуохъу

**Къэбэрдей-Балъкъэр перинатальнэ центрым иджыблагъэ IэмалыщIэ къыщагъэсэбэпу щIадзащ: лъхугъэр зэрызэфIэкIыу, цIыхубзхэм шоколад грамм 15 ират. «Я сабийхэр дунейм къызэрытехьэу бзылъхугъэхэр щымэжалIэ куэдрэ къохъу, абы и лъэныкъуэкIэ шоколадым зыхуэныкъуэ къарур Iэпкълъэпкъым къыхелъхьэж икIи анэхэм гукъыдэж къарет.**

«АПХУЭДЭ Iуэху бгъэдыхьэкIэр перинатальнэ центр пашэхэм къыщагъэсэбэп», - жиIащ республикэ Перинатальнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Кърымщокъал Заремэ.

IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, шоколадым хэлъщ гукъыдэж къозыт фенилэтиламиныр, апхуэдэу магний, медь, фторид, марганец, кальций витаминхэр, Iэпкълъэпкъым зезыгъэгъэпсэху валерианэ кислотар. Какаом и дагъэм мэжалIэр пщхьэщех, витаминхэм къарурэ дэрэжэгъуэрэ къыпхалъхьэж.

**ЩОМАХУЭ Лилие.**



● ЩIыуэпс

# Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху

**«Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым», - жиIащ пасэрейм. Уасэ зимыIэ акъыл зэхэдзэт КъБКъУ-м и биологие факультетым аспирантхэм, магистрхэм, студентхэм я зэпеуэ щекIуэкIар. Ар хуэгъэзауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экологием хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къыхэхыным. «Кавказым мамырыгъэ илъыныр щIыналъэм худиIэ лъагъуныгъэм елъытащ» проектым ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщащ «КъБР-м щыIэ экологие щытыкIэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэр.**

ЗЭIУЩIЭМ жыджэру хэтащ КъБКъУ-м, мэкъумэш университетым я студентхэмрэ аспирантхэмрэ.

- Ди республикэм экологие и лъэныкъуэкIэ щыIэ щытыкIэм щIалэгъуалэр щыгъуазэ щIынымкIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр щхьэпэщ, - жиIащ биологие факультетым и декан, биологие щIэныгъэхэм я кандидат Пэрыт Анзор. - Ди гуапэ мыхъуу къанэркъым щIалэгъуалэ куэд мы Iуэхум яфIэфIу къызэрыхыхьэм. Илъэс етIуанэ хъуауэ екIуэкI зэхьэзэхуэм студент 20-м я лэжьыгъэр утыку къыщрахьащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди республикэм и мызакъуэу, Абхъазым, Осетие Ищхъэрэм (Аланием) къикIыу мы гъэм студентхэр къызэрытхуэкIуари.

Студентхэмрэ аспирантхэмрэ кууэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, цIыхум и узыншагъэм зэран хуэмыхъуу къэуат зыщIэлъ ерыскъыхэр къэгъэкIынымкIэ Iэмалхэм, ди щыуэпсыр пхъэнкIий идзыпIэ зэращым, псэущхьэ кIуэдыжхэм, нэгъуэщIхэми.

«Экологием зиужьынымкIэ щыIэ иджырей IэмалыщIэхэр», «Ди нэIэ щIэдгъэтын хуей щIыпIэхэр», «Эколого-ландшафт щытыкIэхэр», «Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху» Iыхьэхэм къыхэжаныкIа студентхэр ягъэпажащ щытхъу тхылъхэмкIэ.

«КъБР-м щыIэ экологие щытыкIэ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Теркъул Залым къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэIущIэ щхьэпэхэр, «стIол хъурейхэр» иджыри ирагъэкIуэкIыну зэрамурадыр.

НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр къалъытэну зэIущIэм зыкъ рагъэхьэлIат зоологиемкIэ кафедрэм и доцент, эколог цIэрыIуэ Хьэтыхъу Iэубэчыр, щIыуэпсыр хъумэнымкIэ IэщIагъэлI Копылов Юрий, КъБКъМУ-м и профессор Ахматов Муса, «КъБР-м щыIэ экологие щытыкIэр» зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Занилэ Амиран сымэ, егъэджакIуэхэр.

**ТАБЫЩ Динарэ.**

● Бахъсэн щIыналъэ

# ЕтIанэгъэ и фокIадэ мазэм траухуэ

**КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм Къубэ-Тэбэ - Къулъкъужын Ипщэ автомобиль гъуэгур зэрызэрагъэпэщыжыр къипщытащ.**

ГЪУЭГУМ социальнэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы Бахъсэн районым и жылагъуэ зыбжанэ зэпещIэ, къищынэмыщIауэ, Къубэ-Тэбэ къуажэм деж федеральнэ гъуэгум щокIуалIэ.

ИлъэситIым кърихьэлIэу километр 18,8-рэ зэрагъэпэщыжынущ. Псори зэхэту лэжьыгъэм сом мелуан 90,716-рэ хуозэ.

Бахъсэн ДРСУ ООО подряд организацэм асфальт-бетон зэхэлъыр Iисраф щыхъуа щIыпIэу метр зэбгъузэнатIэ мини 136-рэ илъэсыр икIыху зэфIигъэувэжынущ, гъуэгубгъу кIэнауэхэр, ухуэныгъэ IэрыщIхэр зыхуей хуигъэзэнущ, лъэс зекIуапIэу километри 2,1-рэ зэригъэпэщыжынущ.

Илъэс дызыхуэкIуэм асфальт тралъхьэнущ, гъуэгу зэхэкIыпIэхэр, дэдзыхыпIэхэр къагъэщIэрэщIэжынущ, автобус къэувыIэпIэхэр зыхуейхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. Лэжьыгъэхэр етIанэгъэ фокIадэм и кIэм яухыну я мурадщ.

*КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● СтIол хъурей

# Зэкъуэту пэщIэтынущ

**КъБР-м щыIэ МВД-м и къулыкъу нэхъыщхьэхэм я лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэмрэ «стIол хъурей» ирагъэкIуэкIащ. Коррупцэм пэщIэтынымкIэ гугъуехьхэм абы щытепсэлъыхьащ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ «Гу къабзэхэр», «Студент отрядхэм я щIыналъэ центр» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, ЩIалэгъуалэм я гугъуехьхэмкIэ институтым я лIыкIуэхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ полицэм и полковник Вэрокъуэ Анзор муниципальнэ управленэхэм, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэм Iулъхьэм зэрызыщиубгъуар къыхигъэщащ. КъулыкъущIэ 25-м ехьэлIа уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ. Абыхэм ящыщу 7-р властым и республикэ, федеральнэ щIыналъэ IэнатIэхэм къулыкъушхуэ щызыIыгъхэм, 8-р щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ IэнатIэхэм я унафэщIхэмрэ ятеухуащ.

Вэрокъуэм къызэрыхигъэщащи, жылагъуэр коррупцэ, Iулъхьэ тын-къеIыхыным щыхъума щыхъунур, мыхьэнэшхуэ зиIэ а къэрал къалэныр зэфIэхыным езыхэр жыджэру къыхыхьэмэщ.

КъБР-м щыIэ МВД-м я щхьэ шынагъуэншагъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэ полицэм и полковник Хьэмырзэ Ахьмэд министерствэм коррупцэ Iуэхухэр щыгъэмэщIэным ехьэлIауэ ялэжьхэм «стIол хъурейм» кърихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ. Къыхигъэщащ КъБР-м щыIэ МВД-м Урысей МВД-м и «линэ пщтырым» хыхьэ «дзыхь зрагъэз телефон»-мкIэ къаIэрыхьа хъыбархэр къэпщытэным гулъытэ хэха зэрыхуащIыр. Илъэсыр къызэрихьэрэ коррупцэм пыщIа хъыбару 9 къаIэрыхьати, абыхэм ящыщу 5-р унафэ тращIыхьын папщIэ следствэ органхэм ягъэхьащ, зыр зэхагъэкI, 2-м лъабжьэ ямыIэу къыщIэкIащ.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Джаппуев Мусса жиIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм, къэрал властым и органхэм, граждан жылагъуэм я къарур коррупцэр къызэпыудыным хузэщIагъэуIуэн зэрыхуейр. Парламентар щIалэгъуалэм КъБР-м щыIэ МВД-м Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ жыджэру дэлэжьэну зэрыхьэзырыр къыхагъэщащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жануэс.**

# ИлъэсыщIэпежьэ

**Къытхуеблагъэ илъэсыщIэр гъэлъэпIэным ехьэлIауэ къызэрагъэпэща комиссэм и зэIущIэ зэхэтащ.**

ГУЛЪЫТЭ хэха зыгъуэтыпхъэ Iуэхухэм ящыщу къыхагъэщащ цIыху Iув щызэхуэсыну къалэ утхэмрэ илъэсыщIэ гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIыну щIыпIэхэмрэ шынагъуэншагъэр мардэ ткIийм тету къыщызэгъэпэщыныр.

Комиссэм хэтхэр къытеувыIащ илъэсыщIэ пшыхьхэмрэ зэIущIэхэмрэ къалащхьэм и ут нэхъ инхэм я мызакъуэу, щIыпIэ псоми щегъэкIуэкIын зэрыхуейм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, къалэдэс псоми нэгузыужь программэхэм хэплъэну, я нэгу зрагъэужьыну Iэмал ягъуэтынущ.

Мы зэманым ирихьэлIэу къалащхьэм и утыку нэхъыщхьэхэм псейхэр щагъэув. Абы къыкIэрымыхуу ахэр щызэщIэблэнущ Налшык и къыдыхьэпIэхэми.

Дыгъэгъазэм и 26-м КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым щекIуэкIынущ «ИлъэсыщIэ зэIущIэ» зыфIаща нэгузыужь пшыхьыр.

ИлъэсыщIэм и пэ иту псапащIэ спектаклхэр ягъэлъэгъуэнущ эстрадэмрэ театреплъ ныбжьыщIэхэмрэ я театрхэм.

Къалэдэс щIалэгъуалэм къызэрагъэпэщынущ «Ветеранхэм фехъуэхъу», «Псоми я ИлъэсыщIэ» акцэхэр.

Сабийхэм папщIэ илъэсыщIэ гъэлъэгъуэныгъэр щIышылэм и 2-5 махуэхэм щекIуэкIынущ Абхъазым и утым иджыблагъэ щаухуа лъэрыжэ къэжыхьыпIэм.

Хабзэ зэрыхъуам тету, дыгъэгъазэм и 31-м сыхьэт 18-м Абхъазым и утым концертышхуэ къыщызэIуахынущ.

ИлъэсыщIэр къыщихьэ жэщ ныкъуэм къалэдэсхэр еплъынущ дакъикъипщIым нэскIэ яутIыпщыну хьэрэкIытIэхэм.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# Спортсмен-хэр ягъэгушхуэ

**Шэджэм куейм щыщ спортсменхэу 2012 - 2013 гъэхэм Урысейм, Европэм, дуней псом ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьахэр Шэджэм къалэ дэт, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я спорт унэм щагъэлъэпIащ.**

ЗЭIУЩIЭ гуапэм кърихьэлIащ икIи спортсменхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Шэджэм район администрацэм и тхьэмадэ Бакъ Руслан, КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АфIэунэ Аслъэн, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп чемпион Къардэн Мурат, Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа Тау Хьэсэнбий, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политпартым и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ Канунниковэ Татьянэ сымэ.

- Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыныр къэралым, республикэм, районым я политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Ди спортсменхэм спорт утыку зэмылIэужьыгъуэхэм ди куейм и пщIэр щаIэтын папщIэ тхузэфIэкI псори длэжьынущ, - жиIащ Бакъ Руслан.

НэхъыфIхэм ящыщщ кикбоксингымкIэ дуней псом и чемпион Борсэ Астемыр, бгырыпх бэнэкIэмкIэ дунейпсо чемпионатым дыжьын медаль къыщызыхьа Бэджыдэ Рустам, кикбоксингымкIэ дунейпсо чемпионатым жэз медаль щызыIэрызыгъэхьа Жэгъуп ФатIимэ, юниорхэм я деж универсальнэ бэнэкIэмкIэ Европэм, дуней псом я ныбжьыщIэ зэпеуэхэм я чемпион Бейтыгъуэн Залым, дзюдомкIэ Европэм и Кубок зэпеуэм дыжьын медаль къыщызыхьа Хъурсинэ Залымхъан, студентхэм боксымкIэ я Европэ чемпионатым дыжьыныр щызыIэрызыгъэхьа КIэрэф Тимур, Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэм жэз медаль къыщызыхьа Гаджиев Алим, бэнэкIэ хуитым «А» классымкIэ и дунейпсо турнирым ещанэ увыпIэр щызыубыда Мэзыхьэ Астемыр, боксымкIэ урысей зэхьэзэхуэм жэз медаль щызыIэрызыгъэхьа Энеев Кязим, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэпеуэм жэзыр къыщызыхьа Къалмыкъ Ислъам сымэ.

АфIэунэ Аслъэн щхьэхуэу къытеувыIащ боксер Гаджиев Алим Хабаровск щригъэкIуэкIа кIэух зэIущIэм. Абы къыхигъэщащ апхуэдэ текIуэныгъэ иужьрей илъэс 20-м республикэм зэрыщымыIар.

Спортсменхэм фIыщIэ тхыгъэхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ - швейцар сыхьэтхэмрэ планшет компьютерхэмрэ - иратащ. Чемпионхэр зыгъэхьэзыра тренерхэм ахъшэ саугъэтхэр ялъысащ. Спорт Iуэхугъуэ гуапэм и жэрдэмщIакIуэщ щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ Бакъ Руслан. КъызэгъэпэщакIуэхэм я фIэщ мэхъу районым и спортсмен нэхъыфIхэр илъэс къэс гъэлъэпIэныр хабзэфI зэрыхъунур.

ЗэIущIэ гуапэм кърихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ щIыпIэ эстрадэм и артистхэм.

**КIАРЭ Элинэ.**



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым комитетхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщI **Дроздовэ Галинэ Пётр и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Дроздовэ Верэ Алексей** и пхъур зэрылIам къыхэкIыу.

КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь», «Голос Чегема», «Бахъсэн», «Баксанский вестник», «Вести Прохладного», «Зольские вести», «Лескенская газета», «Майские новости», «Маяк 07», «Налшык», «Прохладненские известия», «Терек», «Черекские вести», «Эльбрусские новости» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм я лэжьакIуэхэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, «КъБР-м и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ комплекс центр» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэр, «Тетраграф» ООО-р программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием и унафэщI **Дроздов Игорь Пётр и къуэмрэ** КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщI **Дроздовэ Галинэ Пётр и пхъумрэ** яхуогузавэ абыхэм я анэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и экономист **Дроздовэ Верэ Алексей и пхъур** куэдрэ сымэджа нэужь и ныбжьыр илъэс 90-м иту зэрылIам къыхэкIыу.











● Ди лъэпкъэгъухэр

# Мэздэгу адыгэхэм я щIэблэр

## бзэмрэ хабзэмрэ зэрыщIапIыкIыным яужь итщ



**<u>Лъэпкъым и псэр и бзэрщ. Лъэпкъыпсэр быдэщ, щIэблэм бзэр Iурылъмэ. Бзэмрэ лъэпкъымрэ зэкIэрыпч зэрымыхъунур, псом нэхърэ нэхъ кууурэ зыхащIэ нэхъ тпэIэщIэу псэухэм. ЩIыналъэкIэ тпэмыжыжьащэми, Мэздэгу дэс адыгэхэм я дежкIэ адыгэбзэр къумым итым я дежкIэ псы щIыIэ шынакъым хуэдэщ.</u>**

ИДЖЫБЛАГЪЭ Мэздэгу щекIуэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ напэкIуэцIхэр» зи фIэщыгъэ фестивалыр, хабзэ зэрыхъуауэ, екIуу зэхэтащ. КъБР-м ХъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэща фестивалым хэт ныбжьыщIэхэм адыгэ фащэр я пкъым иралъхьа къудейкъым, ахэр лъэпкъ Iуэхум хэтыну, абы и IэфIыпIэр зыхащIэну, бзэм и мыхьэнэр къагурыIуэну IэмалыфI ягъуэтащ.

Ставрополь краймрэ Курской районым щыщ Русское-1 къуажэм дэт курыт еджапIэм къыщызэрагъэпэща фестивалым хэтащ Русское-2, Серноводское, Граф-ское жылэхэм, Мэздэгу къалэм щыщ ныбжьыщIэхэр.









Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ **КIэхумахуэ ФатIимэ** зэIущIэр къызэIуиха иужь, фестивалым зыкъыщызыгъэлъэгъуэну адыгэ ныбжьыщIэхэр щеджэ школитхум я лIыкIуэ щIалэгъуалэр утыкум кърагъэблагъэри, къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ. ЖыпIэнурамэ, гупхэр я теплъэкIи я фащэкIи хэплъыхьарэ курыхыу къыхэщыпыкIат. АдэкIэ утыкум къихьащ КъБР-м хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дербыт Валерэ**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, Русское къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **ТIыбыщ Николай** сымэ, нэгъуэщIхэри.



- Мыпхуэдэ зэIущIэхэр хуабжьу щхьэпэщ ди щIэблэм я бзэр ящIэжрэ къызыхэкIам яхуэфащэу къэгъэтэджынымкIэ. ФIыщIэшхуэ яхуэфащэщ мы фестивалхэр ирагъэкIуэкIыну къыхалъхьауэ а Iуэху щхьэпэр пщэрылъ зыщызыщIыжа Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэми, - жиIащ Дербытым хьэщIэхэм защыхуигъазэм.

Къызэхуэсахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкIыу сэлам гуапэ ярихыжа иужь, хабзэ дахэ хъуауэ илъэс зыбжанэ лъандэрэ Мэздэгу щрагъэкIуэкI фестивалым къалэнышхуэ зэригъэзащIэр къыхигъэщащ КъБР-м хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Жамбулэт**. «Лъэпкъыбзэр хъумэнымкIэ, хабзэ дахэхэм щIэблэр дегъэхьэхынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм. Дыщогугъ ди зэпыщIэныгъэхэр зы илъэсым нэхърэ адрейм нэхъ ефIэкIуэну. Фэ зэрыфщIэщи, Мэздэгу щыщ сабийхэм КъБР-м илъэс къэс зыщрагъэгъэпсэху. А зэманым къриубыдэу а ныбжьыщIэхэм IэмалыфI яIэщ ди республикэм ис адыгэхэм я псэукIэ-щыIэкIэм зыщагъэгъуэзэну». И псалъэхэм я кIэухыу Гергоковым фестивалыр къыщызэрагъэпэщым къадэIэпыкъуахэм фIыщIэ яхуищIащ.



- Си къуэш, си шыпхъу мэздэгу адыгэхэр куэд щIауэ фIыуэ солъагъу. Илъэс 20-м нэблагъэу къыщIэкIынщ ди зэпыщIэныгъэри, дымыгъэщIэгъуэн тлъэкIыркъым мы щIыпIэ дахащэм лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу зэрисыр. Иджыри куэдрэ а зэгурыIуэр фи яку дэмыкIыу, фи щIэблэм я хъер флъагъуурэ я зэфIэкIхэм фыщыгуфIыкIыу, гуфIэгъуэр фи бэу фыпсэуну сыфхуохъуахъуэ, - жиIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.



ЗэIущIэр Iыхьитхуу зэпыудати, абыхэм ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI, я акъылым и жанагъыр, я бзэм и шэрыуагъыр, хабзэр зэращIэр, къызыхэкIам пщIэ зэрыхуащIыр, тхыдэм зэрыщыгъуазэр ягъэлъэгъуащ.

«Утыкум лъапэкIэ йохьэри, напэкIэ йокIыж». Фестивалым и япэ Iыхьэр фIэхъусти, уэрэдрэ джэгукIэ утыкум къихьа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэIущIэр дахэу къызэIуахащ.

Лъэпкъым и цIэр и тхыдэрщ, абы и напщIэр и цIыху пэрытхэрщ. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэм дэтхэнэ гупми и гугъу ищIын хуейт лъэпкъыцIэр жыжьэ зыгъэIуа, абы и зыужьыныгъэм хуэлэжьа цIыху цIэрыIуэхэм ящыщ зым. ЛIыхъужь лъэужьыншэ хъуркъым. Ар нэрылъагъу пщащIырт нэхъыжьыфIхэу Къэзанокъуэ Жэбагъы, Нэгумэ Шорэ, МэшбащIэ Исхьэкъ, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ жаIахэм. КъыкIэлъыкIуэу, ныбжьыщIэм я акъылым и жанагъыр щагъэнаIуэ Iыхьэм, щIэблэм я щIэныгъэр зэрыкуур къызэхуэса нэхъыжьхэм нэрылъагъу щащIри, хабзэм и Iыхьэ гуэрхэр иджыри фIыуэ зымыщIэ нэхъыщIэхэм дерс щхьэпэ иратащ.



Лъэпкъым и тхыдэр, и зэфIэкIыр, абы и лIыхъужьхэм я цIэр къызыхэщыж хъыбархэмрэ IуэрыIуатэмрэ хуэгъэпса Iыхьэм гуп къэс теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр хуигъэхьэзырат. НыбжьыщIэхэр артист зэчийм хуэхейтэкъым, уеблэмэ артист хьэзыр зыхужыпIэнухэри яхэтт.

Адыгэм сыт зэмани и Iэгу и Iэнэу къокIуэкI. Ерыскъым Iуэхур щынэсым куэдрэ утепсэлъыхь нэхърэ зэ зыIубгъахуэмэ нэхъыфIщ, жыхуаIэу хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ пэIущIэ пэшым. Абы щагъэува Iэнэм адыгэ ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр берычэту тетт.

Ахэр зыIуагъэхуа нэужькIэ, зэIущIэм пащэжащ.

КъБР-м хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин и псалъэхэм къыхигъэщащ, лъэпкъым и тхыдэр яфIэгъэщIэгъуэнрэ ар хъумэным хущIэкъуу мы Iуэхум ныбжьыщIэ куэд къызэрызэщIиубыдар и гуапэ зэрыхъур.

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ къабгъэдэкI тыгъэхэр фестивалым хэтахэм яритыжащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд .

Дербыт Валерэ жиIащ мы зэхуэсым ныбжьыщIэ куэд зэрызэхуишэсам зэрыщыгуфIыкIыр, лъэпкъым къэкIуэну дахэ зэриIэр нобэрей Iуэхум и щыхьэт нахуэу зэрыщытыр.







Фестивалым хэта гупитхуми щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ иратащ. Лъэпкъыбзэр, хабзэр хъумэным я зэман, я гуащIэ тезыгъэкIуадэ Дербыт Валерэрэ ТIыбыщ Николайрэ фIыщIэ тхылъкIэ яхуэупсащ.

Русское къуажэ администрацэм къыбгъэдэкIыу щIыхь тхылъхэр фестивалым хэта гупхэм, зэIущIэр дахэу езыгъэкIуэкIа КIэхумахуэ ФатIимэ, пшыхьыр зи уэрэд гуакIуэхэмкIэ зыгъэдэха Къудей Аскэррэ Тагировэ Заремэрэ, «Нартшыр» къэфакIуэ гупым иратащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**







**Фестивалым кърихьэлIахэр.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

